



Commonwealth of Massachusetts
 Depatman Sante Piblik
 Rejis nan Dosye Vital ak Estatistik



Fèy Travay Paran pou Sètifika Nesans Vivan – Tibebe ki Fenk Fèt

Enfòmasyon ou bay annapre a pral sèvi pou kreye sètifika nesans pitit ou a. Sètifika nesans lan se yon dokiman pèmanan ki pral sèvi pandan tout lavi pitit ou a pou pwouve laj li, sitwayènte li, idantite li ak paran li.

Li enpòtan anpil pou w bay enfòmasyon konplè ak egzat pou tout kesyon yo. Atik ki make ak yon asterisk (*) yo pral enprime sou sètifika nesans legal pitit ou a, men chak atik nesèsè pou rezon sante legal ak/oswa piblik. Moun k ap fè rechèch nan domèn sante ak medikal itilize kèk nan repons ou yo pou etidye ak amelyore sante paran yo ak tibebe ki fenk fèt yo. Yo kolekte enfòmasyon sa a annakò avèk Lwa Jeneral Massachusetts (c.111, §24B).

Tanpri ekri repons ou yo byen klè epi avèk presizyon. Sètifika nesans lan se yon dokiman legal pèmanan ki se yon dosye evènman ak enfòmasyon nan moman nesans pitit ou epi li pa ka chanje annapre eksepte nan kondisyon trè limite.

Itilizasyon Administratif Sèlman

MRN Paran Ki Akouche a:

MRN Timoun nan:

Rejis:

Enfòmasyon TIMOUN NAN

Non Konplè Timoun nan: Ekri non pitit ou a egzakteman jan ou vle li parèt sou sètifika nesans li. Separe non, dezyèm non, ak siyati a nan kare ki annapre yo:

*Non:

*Dezyèm non: Tcheke si sètifika pitit ou a pa pral gen yon dezyèm non

*Non Fanmi: (Siyati)

*Jenerasyonèl, si genyen: (eg. JR, III)

Enfòmasyon Sou Nesans Pitit Ou a: Mete dat ak lè pitit ou a te fèt, si se yon gason oswa fi, epi endike si pitit ou a te fèt poukont li oswa se te yon nesans miltip:

*Dat Nesans: (eg. 15 Ma, 2011)

Mwa Joun Ane

*Lè:

AM

PM

*Sèks:

Fanm

Gason

*Pliralite:

1-Poukont li 2-Marasa 3-Triplè 4-Kwadriplè

Lòt:

*Klasman

Nesans:

(Si li pa fèt poukont li)

1^{ye}

2^{yèm}

3^{yèm}

4^{yèm}

Lòt

Èske ou vle yo vove yon nimewo sekirite sosyal pou pitit ou a pa lapòs otomatikman?

Si w reponn "Wi," y ap vove yon aplikasyon elektwonik bay Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) epi SSA ap vove yon kat nan rezidans ou (oswa adrès postal) nan lespas sis semèn apre nesans lan. Remake byen ke an konfòmite ak Lwa sou Alèjman Kontribiyab 1997 la, tout aplikasyon pou kat sekirite sosyal yon timoun dwe gen nimewo sekirite sosyal paran(yo) epi yo pral vove enfòmasyon sa a bay SSA ak aplikasyon elektwonik pitit ou a. Si w reponn "Non", lè sa a w ap bezwen aplike pou yon nimewo sekirite sosyal nan biwo lokal SSA w la. Enfòmasyon sa a pa parèt sou sètifika nesans pitit ou a.

Èske ou vle yon soti yon nimewo sekirite sosyal pou pitit ou a otomatikman?

Wi

Non

Plan Epay BabySteps: Kòmanse Kont Epay Kolèj pitit ou a Jodi a

Èske ou ta renmen resevwa \$ 50 pou edikasyon avni pitit ou a? Nan kad Plan Epay BabySteps la, nenpòt timoun ki se yon rezidan Massachusetts epi ki fèt oswa adopte nan dat 1ye janvye 2020 oswa annpre kalifye pou resevwa yon depo \$50 gratis nan yon kont U.Fund nan yon ane apre nesans oswa adopsyon pou ede peye pou depans kolèj, lekòl pwofesyonèl, oswa lekòl teknik nan lavni. Plan Epay BabySteps la se yon pwogram kont epay kolèj k ap ankouraje ekonomi pou kolèj nan U.Fund College Investing Plan, plan Massachusetts 529. Enstitisyon ki ofri U.Fund se Massachusetts Educational Financing Authority (MEFA) epi se Fidelity Investments ki jere li. Se Trezò Eta Massachusetts ki bay \$50 a, epi paran li ka resevwa li nan entèval yon lane nesans oswa adopsyon timoun nan. Si w enterese resevwa enfòmasyon sou Plan Epay BabySteps la ak fason pou w resevwa depo \$50 ou a tcheke kare Wi ki annapre a.

Lè w tcheke "wi" annapre a, w ap otorize Depatman Sante Piblik Massachusetts pou bay Biwo Trezò Massachusetts la ak MEFA enfòmasyon kontak pèsònèl ou (nimewo telefòn, adrès, ak adrès imèl) nan objektif pou ba ou enfòmasyon adisyonèl pou ede ou louvri kont ekonomi kolèj pitit ou a. Eta a pral depoze \$50 yon fwa kont lan reyisi ouvri. Tanpri vizite babystepsavingsplan.org pou plis enfòmasyon.

Wi, tanpri voye m enfòmasyon ak materyèl enskripsyon pou resevwa depo Plan Epay BabySteps gratis \$50 a

Non, mwen pa dakò

Enfòmasyon Kontak

Adrès imèl ou prefere:

FOR TRANSLATION PURPOSES ONLY



Fèy Travay Paran pou Sètifika Nesans Vivan – Paran 1

Itilizasyon Administratif Sèlman

Enfòmasyon ou bay annapre a pral sèvi pou kreye sètifika nesans pitit ou a. Sètifika nesans lan se yon dokiman pèmanan ki pral sèvi pandan tout lavi pitit ou a pou pwouve laj li, sitwayènte li, idantite li ak paran li.

Li enpòtan anpil pou w bay enfòmasyon konplè ak egzat pou tout kesyon yo. Atik ki make ak yon asterisk (*) yo pral enprime sou sètifika nesans legal pitit ou a, men chak atik nesese pou rezon sante legal ak/oswa piblik. Moun k ap fè rechèch nan domèn sante ak medikal itilize kèk nan repons ou yo pou etidye ak amelyore sante paran yo ak tibebe ki fenk fèt yo. Yo kolekte enfòmasyon sa a annakò avèk Lwa Jeneral Massachusetts (c.111, §24B). Anplis, dapre Lwa sou Konfidansyalite Federal 1974 la, yo avize w ke pataj nimewo sekirite sosyal ou obligatwa. Pataj nimewo sekirite sosyal la obligatwa dapre lwa eta a, MGL c. 46 §3D, M.G.L. c. 209C §2 avèk §5 avèk M.G.L. c. 119a §14 ak lwa federal, Seksyon 125 nan P.L. 100-485. Yo itilize nimewo sekirite sosyal pou idantifye paran an (yo) epi pou ranfòse lòd sipò pou timoun nan.

Tanpri ekri repons ou yo byen klè epi avèk presizyon. Sètifika nesans lan se yon dokiman legal pèmanan ki se yon dosye evènman ak enfòmasyon nan moman nesans pitit ou epi li pa ka chanje annapre eksepte nan kondisyon trè limite.

MRN Paran Ki Akouche a:

MRN Timoun nan:

Rejis:

ENFÒMASYON PARAN 1

Yo itilize seksyon sa a pou Paran 1 an ranpli nan sètifika nesans timoun nan. Paran ki parèt nan seksyon sa a dwe paran ki fè akouchman an amwenske òdonans tribinal di yon lòt bagay.

Paran 1 - Non Konplè Legal: Mete non paran ki pral parèt nan seksyon Paran 1 nan sètifika nesans timoun nan. Separe non, dezyèm non, ak siyati a nan kare ki annapre yo. Non sa a se non legal konplè ak aktyèl ou itilize pou siyen dokiman legal yo.

*Non:

*Dezyèm non: Tcheke si Paran 1 pa gen yon dezyèm non.

*Non Fanmi: (Siyati)

*Jenerasyonèl, si genyen: (eg. JR, III)

Paran 1 - Telefòn: Tanpri bay nimewo telefòn pou kontakte ou si gen yon pwoblèm ak dosye nesans pitit ou a. Telefòn p ap enprime sou sètifika nesans pitit ou a.

Nimewo Sekirite Sosyal (SSN): Paran 1 Lwa eta ak federal egzije SSN pou tout anrejistremman nesans. SSN pa enprime sou sètifika nesans pitit ou a.

#Telefòn:

Telefòn Altènatif:

SSN:

Tcheke si: Mwen poko janm resevwa yon # Sekirite Sosyal

Paran 1 - Enfòmasyon Sou Nesan lan: Mete enfòmasyon ki annapre yo sou, dat nesans ou, non w te resevwa nan nesans ou, sèks ou ak kote w te fèt. Kote ou fèt la ta dwe genyen vil kote ou fèt la oswa jiridiksyon lokal kote pwòp dosye sètifika nesans ou ye a. Enfòmasyon sa a nesese pou rezon enskripsyon legal epi li itil tou pou rechèch jeneyalojik fanmi an.

*Dat Nesans: (eg. 27 Ma, 1980)

*Non fanmi (siyati) nan nesans oswa adopsyon w: (Non Jèn Fi w)

Sèks:

Gason
 Fanm

Mwa Jou Ane

*Kote ou Fèt:

Peyi (Pa abreje, sof si se Etazini)

Eta oswa Pwovens (Pa abreje)

Vil oswa Jiridiksyon Lokal (Pa abreje)

Paran 1 - Eta Sivil Aktyèl: Malgre eta sivil ou pa enprime sou sètifika nesans pitit ou a, li nesèsè pou enskri dosye a legalman ak kòrèkteman. Mankman pou bay enfòmasyon eta sivil egzak, ka lakòz sètifika nesans pitit ou a rete san enskripsyon, sa ki ka lakòz difikilte legal pandan tout lavi pitit ou a.

Eta Sivil ak Etablisman Patènite:

- Si paran 1 pa marye, epi li pa t marye nan 300 jou apre nesans timoun nan, yo ka ajoute yon dezyèm paran atravè yon Rekonesans Volontè Paran nan moman nesans lan, oswa nan yon dat apre. Tou de paran yo dwe siyen fòmilè sa a.
- Si paran 1 marye kounye a, oswa li marye nan 300 jou apre nesans lan, y ap site konjwen an kòm paran 2 sou premye sètifika nesans timoun nan amwenske paran 1 ak konjwen an siyen yon Atestasyon Non-Parentaj paran 1 epi dezyèm paran an siyen yon Rekonesans Volontè Paran.
- Pou plis enfòmasyon, mande ofisye eta sivil lopital ou a asistans.
 - Yo ka voye kesyon sou Rekonesans Volontè Paran oswa Atestasyon Non-Parentaj la bay: Rejis nan Dosye Vital ak Estatistik nan (617) 740-2600.
 - Kesyon sou jijman tribinal sou patènite, rekonesans volontè, tès ADN, oswa lòt kesyon sou etabli patènite nan nesans, oswa alavni, ka ale nan: Depatman Revni, Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun nan 1-800-332-2733.

Eta Sivil:			
<input type="checkbox"/> Marye	<input type="checkbox"/> Divòse:	<i>Dat Divòs:</i>	<i>Konte/Jiridiksyon kote yo depoze dosye a:</i>
<input type="checkbox"/> Pa Janm Marye	<input type="checkbox"/> Vèv:	<i>Dat Lanmò Konjwen an:</i>	
<i>Si li marye, divòse, oswa vèv: Èske konjwen w oswa ansyen konjwen w se paran timoun sa a?</i> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
<i>Si w PA marye epi w ap viv nan yon lòt vil parapò ak kote lopital kote w fèt la ye a, ou ka mande pou yo kenbe yon kopi sètifika nesans lan nan vil kote w rete a tou. Si sa aplike pou ou, èske ou vle yo kenbe sètifika pitit ou a tou nan vil rezidans ou/biwo eta sivil la?</i> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			

Paran 1 - Rezidans: Rezidans ou a se adrès aktyèl kay kote w ap viv la. Pa sèvi ak yon bwat biwo lapòs oswa lòt adrès ke lapòs itilize sèlman. Ou dwe site non legal oswa pwòp vil kote w ap viv la. Pa mete yon non katye, vilaj oswa lòt sou-divizyon. Y ap mande w adrès postal ou nan seksyon annapre a.

*Rezidans		
<i>Nimewo lari ak non (egzanp, 9 Ninth Street)</i>	<i>Apatman oswa inite, si genyen (egzanp, Apt. 9)</i>	
<i>Non Pwòp Vil la(egzanp, Boston, pa Mattapan)</i>	<i>Eta (Pwovens/eta ak peyi si se pa Etazini) (Pa abreje)</i>	<i>Kòd Postal</i>
Peyi Rezidans:	Si w p ap viv Massachusetts, èske w ap viv nan limit vil la?	
<i>Nan ki kote w ap viv?</i>	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen	

Paran 1 - Adrès Postal: Antre adrès postal ou si li diferan parapò ak adrès rezidans ou. Adrès sa a pa parèt sou sètifika nesans pitit ou a men li sèvi pou voye pa lapòs kat sekirite sosyal pitit ou a si ou tcheke Wi pou yo bay nimewo sekirite sosyal pou pitit ou a otomatikman. Li ka sèvi tou pou kontakte w si gen yon pwoblèm ak sètifika nesans lan.

Adrès Postal:		
<i>Nimewo ak Ri, Bwat postal oswa RR# - Tanpri ekri adrès livrezon lapòs la kote ou resevwa kourye w</i>		
<i>Vil</i>	<i>Eta (Pwovens/eta ak peyi si se pa Etazini) (Pa abreje)</i>	<i>Kòd Postal</i>

Moun ki ranpli fèy travay la se:
<i>Tanpri siyen:</i>
<input type="checkbox"/> Paran 1 <input type="checkbox"/> Paran 2 <input type="checkbox"/> Lòt Relasyon _____



Commonwealth of Massachusetts
 Depatman Sante Piblik
 Rejis nan Dosye Vital ak Estatistik



Fèy Travay Paran pou Sètifika Nesans Vivan – Paran 2

Itilizasyon Administratif Sèlman

Enfòmasyon ou bay annapre a pral sèvi pou kreye sètifika nesans pitit ou a. Sètifika nesans lan se yon dokiman pèmanan ki pral sèvi pandan tout lavi pitit ou a pou pwouve laj li, sitwayènte li, idantite li ak paran li.

Li enpòtan anpil pou w bay enfòmasyon konplè ak egzat pou tout kesyon yo. Atik ki nan *italik fonsè* yo enprime sou sètifika nesans legal pitit ou a, men tout atik yo nesèsè pou rezon sante legal ak/oswa piblik. Moun k ap fè rechèch nan domèn sante ak medikal itilize kèk nan repons ou yo pou etidye ak amelyore sante paran yo ak tibebe ki fenk fèt yo. Yo kolekte enfòmasyon sa a annakò avèk Lwa Jeneral Massachusetts (c.111, §24B). Anplis, dapre Lwa sou Konfidansyalite Federal 1974 la, yo avize w ke pataj nimewo sekirite sosyal ou obligatwa. Pataj nimewo sekirite sosyal la obligatwa dapre lwa eta a, MGL c. 46 §3D, M.G.L. c. 209C §2 avèk §5 avèk M.G.L. c. 119a §14 ak lwa federal, Seksyon 125 nan P.L. 100-485. Yo itilize nimewo sekirite sosyal pou idantifye paran an (yo) epi pou ranfòse lòd sipò pou timoun nan.

Tanpri ekri repons ou yo byen klè epi avèk presizyon. Sètifika nesans lan se yon dokiman legal pèmanan ki se yon dosye evènman ak enfòmasyon nan moman nesans pitit ou epi li pa ka chanje annapre eksepte nan kondisyon trè limite.

MRN Paran Ki Akouche a:

MRN Timoun nan:

Rejis:

Enfòmasyon PARAN 2

Yo itilize seksyon sa a pou Paran 2 a ranpli nan sètifika nesans timoun nan. Tanpri endike relasyon paran 2 ak paran 1.

Marye ak Paran 1, oswa marye ak paran 1 nan lespas 300 jou apre nesans timoun nan.

Pa marye ak Paran 1, men li pral ranpli yon *Rekonesans Volontè Paran* oswa se yon lòd tribinal ki nome li.

- Si paran 1 pa marye, epi li pa t marye nan 300 jou apre nesans timoun nan, yo ka ajoute yon dezyèm paran atravè yon *Rekonesans Volontè Paran* nan moman nesans lan, oswa nan yon dat apre. Tou de paran yo dwe siyen fòmilè sa a.
- Si paran 1 marye kounye a, oswa te marye nan 300 jou apre nesans lan, ak yon lòt moun ki pa dezyèm paran timoun nan, mari oswa madanm lan pral nan lis sou sètifika nesans timoun nan amwenske mari oswa madanm lan ak paran 1 siyen yon Atestasyon Non-Parataj epi dezyèm paran an ak paran 1 siyen yon *Rekonesans Volontè Paran*.
- Si w gen kesyon sou sityasyon patènite oswa paran, mande Ofisye Eta Sivil lopital ou a, oswa kontakte Rejis Dosye ak Estatistik Vital nan (617) 740-2600 oswa kontakte Depatman Revni, Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun nan 1-800-332-2733.

Paran 2 - Non: Mete non paran ki pral parèt nan seksyon Paran 2 nan sètifika nesans timoun nan ak/oswa *Rekonesans Volontè Paran* an. Separe non, dezyèm non, ak siyati a nan kare ki annapre yo. Non sa a se non legal konplè ak aktyèl ou itilize pou siyen dokiman legal yo.

*Non:

*Dezyèm non: Tcheke si Paran 2 pa gen yon dezyèm non.

*Non Fanmi: (Siyati)

*Jenerasyonèl, si genyen: (eg. JR, III)

Nimewo Sekirite Sosyal (SSN): Paran 2 Lwa eta ak federal egzije SSN pou tout anrejistreman nesans. SSN pa enprime sou sètifika nesans pitit ou a.

SSN:

Tcheke si: Mwen poko janm resevwa yon # Sekirite Sosyal

Paran 2 - Enfòmasyon Sou Nesan lan: Mete enfòmasyon ki annapre yo sou, dat nesans ou, non w te resevwa nan nesans ou, sèks ou ak kote w te fèt. Kote ou fèt la ta dwe genyen vil kote ou fèt la oswa jiridiksyon lokal kote pwòp dosye sètifika nesans ou ye a. Enfòmasyon sa a nesesè pou rezon enskripsyon legal epi li itil tou pou rechèch jeneyalojik fanmi an.

*Dat Nesans: (eg. 27 Ma, 1980)		*Non fanmi (siyati) nan nesans oswa adopsyon w:	Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm
Mwa	Jou	Ane	
*Kote ou Fèt:			
Peyi (Pa abreje, sof si se Etazini)		Eta oswa Pwovens (Pa abreje)	Vil oswa Jiridiksyon Lokal (Pa abreje)

Paran 2 - Rezidans: Rezidans ou a se adrès aktyèl kay kote w ap viv la. Pa sèvi ak yon bwat biwo lapòs oswa lòt adrès ke lapòs itilize sèlman. Ou dwe site non legal oswa pwòp vil kote w ap viv la. Pa mete yon non katye, vilaj oswa lòt sou-divizyon.

Adrès rezidans Paran 2 se menm bagay ak Paran 1. Si se pa menm bagay la, tanpri ranpli:

Rezidans:		
Nimewo lari ak non (egzanp, 9 Ninth Street)		Apatman oswa inite, si genyen (egzanp, Apt. 9)
Non Pwòp Vil la(egzanp, Boston, pa Mattapan)	Eta (Pwovens/eta ak peyi si se pa Etazini) (Pa abreje)	Kòd Postal
Peyi Rezidans:	Si w p ap viv Massachusetts, èske w ap viv nan limit vil la?	
Nan ki konte w ap viv?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen	

Moun ki ranpli fèy travay la se:
Tanpri siyen:
<input type="checkbox"/> Paran 1 <input type="checkbox"/> Paran 2 <input type="checkbox"/> Lòt Relasyon _____

FOR TRANSLATION PURPOSES ONLY



Fèy Travay Paran pou Deklarasyon Nesans konfidansyèl

Itilizasyon Administratif Sèlman

Enfòmasyon konfidansyèl

Atik ki annapre yo oblije kolekte dapre lalwa Massachusetts (M.G.L. Ch.111 §24B). Lwa a egzije tou pou lopital yo deklare plis enfòmasyon medikal ki gen rapò ak nesans yo. Yo kenbe enfòmasyon sa a konplètman konfidansyèl epi yo itilize li pou estatistik sante piblik ak popilasyon, rechèch medikal, ak planifikasyon pwogram. Atik sa yo pa janm parèt sou kopi sètifika nesans yo te ba ou oswa pitit ou a. Enfòmasyon ou yo pi souvan konbine avèk done manman yo nan tout Massachusetts ak Etazini epi yo pibliye nan tablo ak grafik ki pa idantifye ou pèsoneyman.

Enfòmasyon ou bay pèmèt planifikatè yo konnen ki vil ki bezwen pi bon sèvis sante piblik epi bay enfòmasyon doktè ou bezwen konnen pou akouche ti bebe yo san danje. Pa egzanp, ou ede depatman lekòl lokal yo pwojete kantite elèv pou planifye pou edikasyon tibebe ki fenk fèt ou a, ou ede moun k ap fè rechèch ak doktè yo konnen ki efè kite fimen pandan gwosès la gen sou devlopman fetis la oswa ki okipasyon ki ka danjere pandan gwosès la, epi ou ede founisè swen sante yo konnen ki lang yo pale nan zòn yo pou yo pare materyèl tradui.

MRN Paran Ki Akouche a:

MRN Timoun nan:

Rejis:

Koperasyon w nesese an ijans pou konpile done egzat sou fanmi Massachusetts yo ak tibebe ki fenk fèt yo. Sa a se sous prensipal enfòmasyon estatistik sou nesans Massachusetts, ki san èd ou ap rete enkonni. Planifikatè ak founisè medikal yo itilize done nesans pou amelyore oswa kreye nouvo pwogram ak sèvis pou fanmi yo ak tibebe ki fenk fèt yo. Yo pran vi prive w trè oserye. Done endividyèl yo pa janm divilge san pèmisyon eksprime Komisè Sante Piblik la epi sèlman nan direktiv ki egzijan nan wo nivo. Kòm youn egzanp sou itilizasyon apwouve enfòmasyon endividyèl, lopital la rapòte rezilta tès tande pitit ou a nan Depatman Sante Piblik la Pwogram Inivèsèl Depistaj Oditif pou tibebe ki fenk fèt pou swivi si sa nesese.

PARAN 1

Parent 1 - Orijin etnik: Enfòmasyon sou etnisite paran yo ede moun k ap fè rechèch yo konprann plis sou maladi jenetik, kilti, ak lokalite jeyografik kominote etnik ki egziste deja ak nouvo ki ka afekte disponiblite sèvis swen prenatal bon jan kalite, rezilta gwosès, ak bezwen sante alavni jèn timoun ak fanmi yo.

Tanpri endike orijin etnik ou (yo). Ou gendwa chwazi plis pase youn.

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Afriken (presize): _____ | <input type="checkbox"/> Koreyen |
| <input type="checkbox"/> Afro-Ameriken | <input type="checkbox"/> Laotyen |
| <input type="checkbox"/> Ameriken | <input type="checkbox"/> Meksiken, Meksiken Ameriken, Chikano |
| <input type="checkbox"/> Endyen Azyatik | <input type="checkbox"/> Mwayen Oryan (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Brezilyen | <input type="checkbox"/> Ameriken Natif Natal (presize nasyon tribi (yo)): _____ |
| <input type="checkbox"/> Kanbodjyen | <input type="checkbox"/> Pòtigè |
| <input type="checkbox"/> Kapevèdyen | <input type="checkbox"/> Pòtoriken |
| <input type="checkbox"/> Abitan Zile Karayib (presize): _____ | <input type="checkbox"/> Ris |
| <input type="checkbox"/> Chinwa | <input type="checkbox"/> Salvadoryen |
| <input type="checkbox"/> Kolonbyen | <input type="checkbox"/> Vyetnamyen |
| <input type="checkbox"/> Kiben | <input type="checkbox"/> Lòt Azyatik (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Dominiken | <input type="checkbox"/> Lòt Ameriken Santral (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Ewopeyen (presize): _____ | <input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zile Pasifik la (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Filipino | <input type="checkbox"/> Lòt Pòtigè (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Gwatemalyen | <input type="checkbox"/> Lòt Ameriken di Sid (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Ayisyen | <input type="checkbox"/> Lòt etnisite(yo) ki pa nan lis la (presize): _____ |
| <input type="checkbox"/> Moun Ondiras | |
| <input type="checkbox"/> Japonè | |

Paran 1 - Ras: Enfòmasyon sou ras paran ede moun k ap fè rechèch yo konprann plis sou to nesans, kondisyon sante ak lòt faktè ki gen rapò ak ras ki ka afekte rezilta nesans ak bezwen sèvis sante nan kominote Massachusetts yo.

Tanpri endike ras ou (yo). *Ou gendwa chwazi plis pase youn.*

<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska (presize nasyon tribi (yo)):	<input type="checkbox"/> Panyòl/Latina/Lòt (presize):	_____
_____	<input type="checkbox"/> Natif Awayi	_____
<input type="checkbox"/> Azyatik	<input type="checkbox"/> Samowan	_____
<input type="checkbox"/> Nwa	<input type="checkbox"/> Blan	_____
<input type="checkbox"/> Gwamanyen oswa Chamowo	<input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zile Pasifik (presize):	_____
<input type="checkbox"/> Ispanik/Latina/Nwa	<input type="checkbox"/> Lòt ras ki pa nan lis la (presize):	_____
<input type="checkbox"/> Ispanik/Latina/Blan		

Paran 1 - Edikasyon: Enfòmasyon sou edikasyon paran yo ede moun k ap fè rechèch yo konprann plis sou tandans nan laj ak nivo edikasyon paran Massachusetts yo, chwa nan metòd akouchman ak teknoloji repwodiksyon asiste, nivo lekti ki nesèsè pou materyèl edikasyon sante, bezwen enfòmasyon sou sante nan lekòl pa distri, ak lòt faktè ki ka afekte rezilta nesans ak sante matènèl ak timoun.

Ki pi wo nivo lekòl ou te fini nan moman akouchman an?

<input type="checkbox"/> 8 ^{yèm} ane oswa mwens	<input type="checkbox"/> Sètifika	<input type="checkbox"/> Doktora (egzanp, PhD, EdD) oswa pwofesyonèl
<input type="checkbox"/> 9 ^{yèm} – 12 ^{yèm} ane	<input type="checkbox"/> Diplòm Asosye (egzanp, AA, AS)	diplòm (egzanp, MD, DDS, DVM, JD)
<input type="checkbox"/> Gradye nivo segondè oswa fini GED	<input type="checkbox"/> Nivo lisans (egzanp, BA, AB, BS)	<input type="checkbox"/> Edikasyon espesyal
<input type="checkbox"/> Yon ti tan nan inivèsite men pa gen diplòm	<input type="checkbox"/> Metriz (egzanp, MA, MSW, MBA)	

Paran 1 - Okipasyon ak Endistri: Enfòmasyon sou travay paran yo genyen ede moun k ap fè rechèch yo jwenn plis enfòmasyon sou ki jan sèten okipasyon ak endistri ka afekte rezilta nesans yo. Sèten kondisyon travay tankou ekspozisyon ak penti toksik ak pwodui chimik, endistri gwo estrès ak okipasyon revni ki ba ka afekte kondisyon sante matènèl epi konekte ak domaj nan nesans.

Okipasyon/travay abityèl nan ane ki sot pase a:

Egzanp: pwogramè òdinatè, kesye, menajè, moun ki p ap travay

Nan ki endistri? (Ou ka site yon endistri oswa non yon konpayi):

Egzanp: konpayi lojisyèl, Smith's Supermarket, pwòp kay li

Itilizasyon Sibstans: Enfòmasyon sou itilizasyon tabak anvan ak pandan gwosès ede doktè bay paran ki ansent yo pi bon enfòmasyon sou efè fimèn sou pwa nesans ak lòt rezilta nesans. Kesyon sa a pral ede konnen si diminye oswa ogmante fimèn nan diferan etap pandan gwosès la gen rezilta diferan.

Konbyen sigarèt OSWA pòch sigarèt paran k ap akouche a te fimèn an mwayèn pa jou pandan chak peryòd tan sa yo?

	Kantite sigarèt	OSWA	Kantite pòch
		a	
3 mwa <u>avan</u> gwosès la	_____		_____
Premye 3 mwa gwosès la	_____		_____
Dezyèm 3 mwa gwosès la	_____		_____
Twazyèm trimès (dènye 3 mwa) gwosès la	_____		_____

Paran 1 - Preferans Lang: Enfòmasyon sou lang paran yo prefere pale oswa ke yo jwenn li pi fasil pou li ede pwogram sante piblik yo ak founisè medikal yo pi byen prepare ak tradiktè apwopriye ak enfòmasyon tradui. Idantifye katye ak kominote ki gen anpil rezidan ki pale lang etranje ede mete anplwaye tradiksyon ak materyèl kote yo pi bezwen yo.

Nan ki lang ou prefere pale lè w ap pale sou kesyon sante oswa enkyetid?			
Nan ki lang ou prefere li enfòmasyon ki gen rapò ak sante?			
Anglè	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Somalyen	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Panyòl	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Arab	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Pòtigè	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Albanyen	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Kreyòl Kapvèdyen	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Chinwa	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Kreyòl Ayisyen	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	(presize dyalèk):	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Kmè	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Ris	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Vyetnamyen	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Lang Siy Ameriken	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li
Kanbodjyen	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li	Lòt (presize):	<input type="checkbox"/> Pale <input type="checkbox"/> Li

Itilizasyon Alkòl: Kesyon sa a pral ede konnen ki kantite alkòl ki afekte pwa nesans ak lòt rezilta nesans epi si bwè nan diferan moman pandan gwosès la gen rezilta diferan. Avèk enfòmasyon reyèl sou itilizasyon alkòl pandan gwosès, doktè yo ka bay paran k ap tann yo pi bon konsèy.

Èske ou te bwè nenpòt alkòl nan twa mwa anvan gwosès sa a oswa nenpòt ki lè pandan gwosès sa a?

Wi *Si wi:* Pandan twa mwa **avan gwosès sa a**, konbyen bwason (byè, diven oswa koktèl) ou te konsome nan yon semèn mwayèn? _____

Non Pandan **twa premye mwa yo (premye trimès) nan gwosès sa a**, konbyen bwason (byè, diven oswa cocktèl) ou te konsome an mwayèn nan yon semèn? _____

Pandan **dezyèm twa mwa yo (dezyèm trimès) gwosès sa a**, konbyen bwason (byè, diven oswa koktaj) ou te konsome an mwayèn nan yon semèn? _____

Nan **twazyèm trimès gwosès sa a**, konbyen bwason (byè, diven oswa koktaj) ou te genyen an mwayèn nan yon semèn? _____

Avan Gwosès la ak Akouchman Prekòs: Ti bebe ki fèt avan lè, anvan 37 semèn gwosès, souvan bezwen rete nan lopital la pi lontan epi gen plis pwoblèm sante pase ti bebe ki fèt a tan. Paran ki te deja akouche yon ti bebe avan lè gen plis risk pou fè yon bebe avan lè. Kesyon sa a pèmèt moun k ap fè rechèch sante piblik yo detèmine konbyen paran ki gen yon istwa nesans avan lè ak ki jan yo pi byen amelyore swen yo.

Nan nenpòt gwosès anvan, èske ou te gen yon ti bebe plis pase 3 semèn anvan dat paske ou te gen tranche oswa paske dlo a te pete? Wi Non Mwen pa konnen

Gwosès Aktyèl ak Akouchman Prekòs: Pwojestewòn se yon òmòn kle ki ede kò yon fanm devlope ak prepare pou yon gwosès ki an sante. Pou kèk fanm ki gen plis risk pou yo akouche bonè, yo te idantifye tretman pwojestewòn pou ede anpeche akouchman anvan tèm. Kesyon sa yo pral ede moun k ap fè rechèch nan sante piblik yo detèmine konbyen fanm ki kalifye pou resewa pwojestewòn epi idantifye baryè pou tretman.

Èske yo te di w ou genyen yon kòl matris kout pandan gwosès sa a? Wi Non Mwen pa konnen

Èske yo te ofri ou pwojestewòn pou anpeche yon akouchman avan lè pandan gwosès sa a? Wi, akòz yon akouchman avan lè nan yon gwosès anvan Wi, paske kòl matris mwen te kout pandan gwosès sa a Non Mwen pa konnen

(tanpri tcheke sèlman youn)

Èske ou te resevwa pwojestewòn pandan gwosès sa a?
(tanpri tcheke sèlman youn)

Wi, piki pwojestewòn

Wi, pwojestewòn vajinal

Wi, konprime pwojestewòn oral

Non

Non, asirans mwen an pa ta kouvri pri a

Non, mwen te refize

Mwen pa konnen

Manje WIC: Planifikatè pwogram sante piblik yo ta renmen konnen si paran yo enskri nan WIC *paske* yo vin ansent epi si lefèt ke yo resevwa manje WIC pandan gwosès la ede paran yo akoubhe ti bebe ki pi an sante. Enfòmasyon tankou sa a ka ede kenbe pwogram sa yo disponib pou fanmi yo.

Èske ou te resevwa manje WIC (Fanm, Tibebe ak Timoun) pou tèt ou paske ou te ansent timoun sa a?

Wi Non Mwen pa konnen

Akouchman Lakay: Reponn sèlman si w te akouche tibebe w la lakay ou. (*Si se pa sa, ou ka sote kesyon sa a*). Kesyon sa a pral ede konnen konbyen akouchman lakay yo te planifye ak konbyen yo pa te planifye, pou bay enfòmasyon estatistik ak sèvis.

Èske ou te planifye akouchman bebe w la lakay ou oswa èske w te swete akouche bebe w la nan yon lopital oswa sant akouchman?

Wi, mwen te vle akouche ti bebe mwen lakay mwen

Non, mwen te vle akouche tibebe mwen an nan yon lopital oswa nan yon sant akouchman.

Pwa ak Matènèl ak Sante Timoun: An konbinezon ak estatistik li te ye sou pran pwa pandan gwosès, moun k ap fè rechèch sou sante piblik vle etidye pwa anvan gwosès yo wè si kèk nivo klasman pwa bay pi bon rezilta paran ak ti bebe ki an sante.

Konbyen pwa w te ye anvan gwosès ou, sa vle di, pwa ou imedyatman anvan ou te vin ansent ak timoun sa a? _____ liv.

Swen Dantè pandan Gwosès la: Moun k ap fè rechèch sou sante piblik yo ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou si netwayaj dan pwofesyonèl ak pwoblèm sante dantè pandan gwosès gen yon efè sou sante tibebe ki fenk fèt, yon fason pou doktè yo ka pi byen konseye paran ki vin ansent yo.


Pandan gwosès sa a èske yon dantis oswa ijyenis dantè te netwaye dan w? Wi Non

Èske ou te gen yon pwoblèm sante oral pandan gwosès sa a? Wi Non

Mwen pa konnen

Si dènnye vizit dantè ou a te fèt plis pase sis mwa de sa oswa si ou te idantifye nenpòt pwoblèm sante oral (egzamp jansiv anfle oswa senyen, dan gate, siy enfeksyon), èske founisè swen prenatal ou a te refere ou bay yon dantis? Wi Non

Mwen pa konnen



TANDANS NESANS AK TEKNOLOJI

Tretman Fètilite ak Teknoloji: Pi bon enfòmasyon sou itilizasyon medikaman fètilite ak teknoloji repwodiksyon asiste pral pèmèt moun k ap fè rechèch yo detèmine tandans nan itilizasyon nouvo kalite tretman yo. Done sa yo pral ede tou obstetrisyen ak pasyan yo konnen plis sou risk ak avantaj ki ka genyen pou manman ak tibebe ki fenk fèt, tou depann de laj manman an, relasyon jenetik ak timoun nan, ak lòt karakteristik. Enfòmasyon sa a ta dwe bay sou manman k ap akouche a.

Èske w te pran nenpòt medikaman fètilite oswa w te resevwa nenpòt pwosedi medikal nan men yon doktè, enfimye, oswa lòt travayè swen sante pou ede w vin ansent ak gwosès aktyèl sa a? Wi Non
 (Sa ka gen ladan tretman esterilite tankou medikaman ki amelyore fètilite oswa teknoloji repwodiktif asiste.)

Si w te reponn wi:

Èske ou te itilize nenpòt nan tretman fètilite sa yo pandan mwa ou te ansent lan ak gwosès aktyèl sa a?

Tcheke tout sa ki aplikab yo:

- Medikaman ki amelyore fètilite yon doktè preskri**
Medikaman fètilite yo enkli Clomid®, Serophene®, Pergonal®, oswa lòt medikaman ki ankouraje ovilasyon.
- Enseminasyon atifisyèl oswa enseminasyon entra-iterin**
Mete tretman kote yo te kolekte espèm, men PA ze, epi yo te mete l medikalman nan manman ki pral fè pitit la.
- Teknoloji repwodiksyon asiste**
Mete tretman kote yo te manipile ALAFWA ze yon fanm ak espèm yon gason nan laboratwa a, tankou fètilizasyon in vitro (IVF), transfè gamèt entratibè [GIFT], transfè zigòt entratibè [ZIFT], piki espèm entrasitoplasmik [ICSI], transfè anbriyon jele, oswa transfè anbriyon donatè.
- Mwen pa t ap itilize tretman fètilite pandan mwa a ke mwen te vin ansent ak nouvo bebe mwen an.**
- Lòt tretman medikal. Tanpri presize:**

Èske nenpòt nan bagay sa yo te aplike pandan gwosès sa a? *Tcheke tout sa ki aplikab yo:*

- Donatè ze anonim Donatè espèm anonim
- Donatè yo konnen ki pa yon paran entansyonèl * Ranplasman
- Okenn nan sa yo pa aplikab

***OCHWA:** Li gendwa itil nan istwa medikal pitit ou a pou anrejistre enfòmasyon sou donatè jenetik yo. Si ou ta renmen bay enfòmasyon sa a, tanpri ranpli sa ki annapre yo.

Non:	<input type="checkbox"/> Donatè espèm	<input type="checkbox"/> Donatè ze
Non:	<input type="checkbox"/> Donatè espèm	<input type="checkbox"/> Donatè ze
Non:	<input type="checkbox"/> Donatè espèm	<input type="checkbox"/> Donatè ze

PARAN 1 - ISTORIK GWOSÈS

Paran 1-Wotè: _____ pye _____ pous	Dat Dènye Règ (MM/JJ/AAAA) _____ Mwa Jou Ane
Nesans Vivan Anvan: Pa mete tibebe sa a ladann. Pou plizyè akouchman, ki gen ladann tout tibebe ki fèt vivan ki te akouche anvan tibebe sa a ki toujou vivan. # Kounye a k ap viv: # Te fèt vivan, li mouri kounye a:	Dat Dènye Nesans Vivan (MM/JJ/AAAA) _____ Mwa Jou Ane
Kantite Rezilta Lòt Gwosès: Kantite total lòt rezilta gwosès ki pa t debouche sou yon nesans vivan. Mete pèt fetis nenpòt pèt espontane nan laj jestasyonèl, pèt pwovoke, ak/oswa gwosès ektopik. Si sa a te yon akouchman miltip, mete nenpòt pèt kèlkeswa laj jestasyonèl ki rive anvan akouchman tibebe sa a. Sa ka gen ladan pèt ki rive pandan gwosès sa a oswa nan yon gwosès anvan sa.	Dat Dènye Rezilta Lòt Gwosès la (MM/JJ/AAAA) _____ Mwa Jou Ane
# Rezilta Lòt Gwosès _____	Mwa Jou Ane

Parent 2 - Orijin etnik: Enfòmasyon sou etnisite paran yo ede moun k ap fè rechèch yo konprann plis sou maladi jenetik, kilti, ak lokalite jeyografik kominote etnik ki egziste deja ak nouvo ki ka afekte disponiblite sèvis swen prenatal bon jan kalite, rezilta gwosès, ak bezwen sante alavni jèn timoun ak fanmi yo.

Tanpri endike orijin etnik ou (yo). *Ou gendwa chwazi plis pase youn.*

<input type="checkbox"/> Afriken (presize): _____	<input type="checkbox"/> Koreyen
<input type="checkbox"/> Afro-Ameriken	<input type="checkbox"/> Laotyen
<input type="checkbox"/> Ameriken	<input type="checkbox"/> Meksiken, Meksiken Ameriken, Chikano
<input type="checkbox"/> Endyen Azyatik	<input type="checkbox"/> Mwayen Oryan (presize): _____
<input type="checkbox"/> Brezilyen	<input type="checkbox"/> Ameriken Natif Natal (presize nasyon tribi (yo)): _____
<input type="checkbox"/> Kanbodjyen	<input type="checkbox"/> Pòtigè
<input type="checkbox"/> Kapevèdyen	<input type="checkbox"/> Pòtoriken
<input type="checkbox"/> Abitan Zile Karayib (presize): _____	<input type="checkbox"/> Ris
<input type="checkbox"/> Chinwa	<input type="checkbox"/> Salvadoryen
<input type="checkbox"/> Kolonbyen	<input type="checkbox"/> Vyetnamyen
<input type="checkbox"/> Kiben	<input type="checkbox"/> Lòt Azyatik (presize): _____
<input type="checkbox"/> Dominiken	<input type="checkbox"/> Lòt Ameriken Santral (presize): _____
<input type="checkbox"/> Ewopeyen (presize): _____	<input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zile Pasifik la (presize): _____
<input type="checkbox"/> Filipino	<input type="checkbox"/> Lòt Pòtigè (presize): _____
<input type="checkbox"/> Gwatemalyen	<input type="checkbox"/> Lòt Ameriken di Sid (presize): _____
<input type="checkbox"/> Ayisyen	<input type="checkbox"/> Lòt etnisite(yo) ki pa nan lis la (presize): _____
<input type="checkbox"/> Moun Ondiras	
<input type="checkbox"/> Japonè	

Paran 2 - Ras: Enfòmasyon sou ras paran ede moun k ap fè rechèch yo konprann plis sou to nesans, kondisyon sante ak lòt faktè ki gen rapò ak ras ki ka afekte rezilta nesans ak bezwen sèvis sante nan kominote Massachusetts yo.

Tanpri endike ras ou (yo). *Ou gendwa chwazi plis pase youn.*

<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Natif Alaska (presize nasyon tribi (yo)): _____	<input type="checkbox"/> Panyòl/Latina/Lòt (presize): _____
<input type="checkbox"/> Azyatik	<input type="checkbox"/> Natif Awayi
<input type="checkbox"/> Nwa	<input type="checkbox"/> Samowan
<input type="checkbox"/> Gwamanyen oswa Chamowo	<input type="checkbox"/> Blan
<input type="checkbox"/> Ispanik/Latina/Nwa	<input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zile Pasifik (presize): _____
<input type="checkbox"/> Ispanik/Latina/Blan	<input type="checkbox"/> Lòt ras ki pa nan lis la (presize): _____

Paran 2 - Edikasyon: Enfòmasyon sou edikasyon paran yo ede moun k ap fè rechèch yo konprann plis sou tandans nan laj ak nivo edikasyon paran Massachusetts yo, chwa nan metòd akouchman ak teknoloji repwodiksyon asiste, nivo lekti ki nesèsè pou materyèl edikasyon sante, bezwen enfòmasyon sou sante nan lekòl pa distri, ak lòt faktè ki ka afekte rezilta nesans ak sante matènèl ak timoun.

Ki pi wo nivo lekòl ou te fini nan moman akouchman an?

<input type="checkbox"/> 8 ^{yèm} ane oswa mwens	<input type="checkbox"/> Sètifika	<input type="checkbox"/> Doktora (egzanp, PhD, EdD) oswa pwofesyonèl
<input type="checkbox"/> 9 ^{yèm} – 12 ^{yèm} ane	<input type="checkbox"/> Diplòm Asosye (egzanp, AA, AS)	<input type="checkbox"/> diplòm (egzanp, MD, DDS, DVM, JD)
<input type="checkbox"/> Gradye nivo segondè oswa fini GED	<input type="checkbox"/> Nivo lisans (egzanp, BA, AB, BS)	<input type="checkbox"/> Edikasyon espesyal
<input type="checkbox"/> Yon ti tan nan inivèsite men pa gen diplòm	<input type="checkbox"/> Metriz (egzanp, MA, MSW, MBA)	

Paran 2 - Okipasyon ak Endistri: Enfòmasyon sou travay paran yo genyen ede moun k ap fè rechèch yo jwenn plis enfòmasyon sou ki jan sèten okipasyon ak endistri ka afekte rezilta nesans yo. Sèten kondisyon travay tankou ekspozisyon ak penti toksik ak pwodui chimik, endistri gwo estrès ak okipasyon revni ki ba ka afekte kondisyon sante matènèl epi konekte ak domaj nan nesans.

Okipasyon/travay abityèl nan ane ki sot pase a:

Egzanp: pwogramè òdinatè, kesye, menajè, moun ki p ap travay

Nan ki endistri? (Ou ka site yon endistri oswa non yon konpayi):

Egzanp: konpayi lojisyèl, Smith's Supermarket, pwòp kay li

Tanpri retounen fèy travay sa a bay ofisye eta sivil lopital ou a, oswa selon lòt jan yo endike a. Mèsi.

FOR TRANSLATION PURPOSES ONLY